

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Budaya téh dipangaruhan pisan ku basa. Dina émprona, budaya anu kawangun ku basa bakal ngawujud jadi hiji kearifan lokal jeung ciri masarakat daérah anu hadé. Luyu jeung tiori Sapir-Whorf yén jalan pikiran jeung kabudayaan hiji masarakat ditangtukeun atawa dipangaruhan ku struktur basana (Chaer, 2003, kc. 61).

Basa Sunda bisa ngawangun masarakat anu ngabudaya. Hususna, nonoman Sunda anu dipiharep bisa népakeun élmu jeung pangalaman diajar di sakola ka masarakat anu mikabutuh pamikiran-pamikiran kritis jeung *konstruktif*. Éta hal bisa diwangun ku cara pangajaran nulis di sakola ngagunakeun basa Sunda.

Pangajaran nulis téh kaasup kana opat kaparigelan basa anu ngawengku kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*). Éta opat kaparigelan basa téh dina enasna-enasna silih pangaruhan jeung mangrupa hiji beungkeutan anu gumulung atawa catur tunggal (Tarigan, 2008, kc. 1). Ku kituna, siswa kudu bener-bener nyangking sakabéh aspék kaparigelan basa sangkan kamampuh siswa ngaronjat dina ngagunakeun basa salaku alat komunikasi sapopoé.

Kompetensi inti jeung kompetensi dasar pangajaran basa Sunda anu kaunggel dina surat Peraturan Gubernur Jawa Barat nomor 69 taun 2013 téh mangrupa cita-cita luhung keur kalumangsungan pangajaran basa Sunda di sakola. Kaasup pangajaran nulis anu salasihijina nya éta pangajaran nulis karangan éksposisi anu aya dina kompetensi dasar, *8.4.6 menanggapi dan menyusun teks Bahasan Budaya Sunda dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya* (Peraturan Gubernur, 2013, kc. 25).

Pangajaran nulis kaasup kana kagiatan produktif (ngahasilkeun) dina basa tulis. Tina nulis, kamampuh mikir siswa bakal kalatih jeung parigel dina nepikeun

gagasan-gagasan ngeunaan hiji masalah. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 22) yén kagiatan nulis dihartikeun salaku kagiatan nepikeun pesen (pikiran, perasaan, jeung kahayang) sacara tinulis atawa ngaliwatan lambang-lambang anu bakal ngalatih daya nalar hiji jalma.

Pangajaran nulis pasti ngahasilkeun hiji karangan anu mangrupa transformasi tina pamikiran siswa. Nyieun hiji tulisan téh lain hal anu gampang. Ieu hal luyu jeung pamadegan Heaton (dina Slamet, 2008, kc. 141) yén nulis mangrupa kaparigelan anu hésé jeung kompléks. Loba hal anu kudu diébréhkeun sacara sistematis nepi ka pamaca téh bisa ngarti jeung maham kana naon anu dimaksud ku panulis.

Kiwari di sakola-sakola loba bangbaluh anu disanghareupan ku siswa nalika pangajaran nulis karangan éksposisi. Loba siswa hésé dina nangtukeun téma karangan éksposisi, néangan bahan karangan éksposisi anu faktual jeung informatif, mekarkeun rangka karangan, milih kandaga kecap anu merenah (diksi), jeung nyieun kalimah sacara éféktif. Kurangna kamampuh nulis karangan éksposisi ngabalukarkeun kualitas karangan anu dihasilkeun kurang nyugemakeun. Ti mimiti teu sistematisna raraga mikir anu disusun nepi ka teu kacangkemna ma'na anu rék ditepikeun ka pamaca dina tulisan. Dumasar kana éta masalah, guru dipiharep boga kaparigelan dina nepikeun bahan ajar salasahijina ngaliwatan modél pangajaran. Ku kituna, ku ayana modél pangajaran dipiharep ngaronjatkeun minat jeung motivasi siswa sangkan daék jeung resep diajar nulis. Guru kudu nyieun diajar nulis téh mangrupa hiji prosés nyugemakeun jeung aktual anu diwangun ku pamikiran kalayan rasa silih deudeulan. Pangajaran anu hadé nya éta pangajaran anu ngahijikeun pangalaman diajar ngeunaan kumaha hubungan gagasan, émosi jeung suasana kelas sarta kumaha éta dua hal bisa robah luyu jeung suasana anu sarua robah (Joyce, spk., 2009, kc. 6).

Kondisi kelas anu ngirut bakal ngarojong kana kréatifitas siswa dina nulis. Ku kituna, siswa mikabutuh suasana anu dinamis jeung variatif. Lebah dieu, modél pangajaran jadi pamiangan anu sakuduna terus dipaké jeung dimekarkeun ku guru luyu jeung lingkungan diajar siswa. Nurutkeun Dewey (dina Joyce, spk., 2009, kc. 30) yén wangenan klasik tina pangajaran nya éta ngararancang jeung

nyieun lingkungan-lingkungan. Siswa diajar ku cara interaksi jeung lingkungan kalayan diajar kumaha cara diajar (*learn how to learn*) anu hadé. Hiji modél pangajaran mangrupa gambaran hiji lingkungan pangajaran anu ngandung paripolah guru nalika éta modél dilarapkeun. Ieu modél-modél loba mangpaatna keur ngahontal sakabéh widang pendidikan, ti mimiti matéri ngararancang jeung kurikulum nepi ka matéri rarancang instruksional, kaasup program-program multimédia (Joyce, spk., 2009, kc. 30).

Modél pangajaran dipiharep jadi pamiangan pikeun ngungkulan masalah kurangna kamampuh nulis karangan éksposisi. *Quantum teaching* mangrupa salasahiji bongbolongan pikeun numuwuhkeun karep jeung ngaronjatkeun kamampuh siswa dina prosés diajar nulis kalayan nyieun suasana kelas anu dinamis. DePorter, spk. (2014, kc. 31) nétélakeun yén:

Quantum teaching menunjukkan kepada anda menjadi guru yang baik. Quantum teaching cara-cara yang baru yang memudahkan proses belajar lewat pemanduan unsur seni dan pencapaian-pencapaian yang terarah, apapun mata pelajaran yang anda ajarkan. Dengan menggunakan metode quantum teaching anda akan dapat menggabungkan keistimewaan-keistimewaan belajar menuju bentuk perencanaan pelajaran yang akan melejitkan prestasi siswa.

Quantum teaching téh mangrupa pangaweruh jeung métodologi anu ngagunakeun rarancang, tatahar, jeung fasilitasi *super camp*. Ieu modél dijieun dumasar kana tiori-tiori élmu pangaweruh kawas *accelerated learning* (Lezanov) *multiple intelligences* (Gardner), *neuro linguistic programming* atawa *NLP* (Grinder & Bandler), *experiential learning* (Hahn), *socratic inquiry*, *cooperative learning* (Johnson & Johnson) atawa *elements of effective instruction* (Hunter) (DePorter, spk., 2014, kc. 32).

Modél Pangajaran *Quantum Teaching* dipilih ku sabab tina pamadegan di luhur bisa katitén yén ieu modél ngajarkeun kumaha jadi guru anu hadé, ayana unsur seni, jeung kaistiméwaan-kaistiméwaan diajarna bisa ngawangun rarancang pangajaran anu ngaronjatkeun préstasi siswa. Lamun dititénan tina kaleuwihanana, ieu modél dipiharep loyog pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi.

Panalungtikan modél *quantum teaching* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téh geus dilaksanakeun saméméhna. Panalungtikan skripsi Ema Rahmawati (2013) ngeunaan “Modél *Quantum Teaching* pikeun Pangajaran Nulis Rarakitan” anu hasilna ngaronjat. Panalungtikan skripsi Yanti (2010) ngeunaan “Éféktifitas Modél *Quantum Teaching* pikeun Pangajaran Nulis Guguritan” anu hasilna ngaronjat.

Panalungtikan anu dilaksanakeun ku panalungtik bédana jeung sababaraha panalungtikan di luhur nya éta udagan anu rék dironjatkeun ngaliwatan modél *quantum teaching* téh kamampuh nulis karangan éksposisi.

Miang tina masalah-masalah ngeunaan kurangna kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Ku kituna, perlu pisan dimekarkeun kamampuh guru dina raraga nyieun suasana diajar anu ngirut jeung pikaresepeun. Utamana ngarobah cara ngajar ngaliwatan modél-modél pangajaran anu leuwih modérn, kréatif, inovatif luyu jeung matéri ajar anu rék ditepikeun ka siswa. Dumasar kana sababaraha hal di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Modél Pangajaran *Quantum Teaching* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII C SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2014/2015).”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Ieu di handap dijéntrékeun idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha masalah anu karandapan dina ieu panalungtikan. Tina hasil idéntifikasi, kapaluruh yén siswa téh hésé nangtukeun téma karangan éksposisi, néangan bahan karangan éksposisi anu faktual jeung informatif, mekarkeun rangka karangan, milih kandaga kecap anu merenah (diksi), jeung nyieun kalimah sacara éféktif. Ku kituna, ieu panalungtikan museurkeun objék panalungtikan kana modél *quantum teaching* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi.

Kamampuh nulis karangan éksposisi téh bisa diukur ngaliwatan dua katégori, nya éta katégori linguistik jeung katégori non linguistik. Katégori

linguistik maluruh ngeunaan naon-naon anu aya patalina jeung katatabasaan, umpamana waé éjahan, struktur kalimah, diksi, jeung gaya basa, sedengkeun, katégori non linguistik mah naon-naon anu aya di luar katatabasaan, umpama waé kualitas lingkup jeung eusi, organisasi jeung tampilan eusi, jeung kerapihan tulisan. Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahanana ieu panalungtikan kudu diwatesanan. Dina katégori linguistik diwatesanan maluruh ngeunaan éjahan jeung struktur kalimah, sedengkeun katégori non linguistik maluruh ngeunaan kualitas lingkup jeung eusi, organisasi jeung tampilan eusi, jeung kerapihan tulisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*?
- 3) Naha modél pangajaran *quantum teaching* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*?
- 4) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu di handap dijéntrékeun tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2015

Model pengajaran quantum teaching pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji signifikansi model *quantum teaching* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan hayang ngadéskrripsikeun:

- 1) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*;
- 2) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*;
- 3) ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*;
- 4) béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu di handap dijéntrékeun mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung ngajembaran cara ngajar pangajaran basa Sunda, hususna modél pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VIII C SMPN 12 Bandung taun ajaran 2014/2015.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2015

Model pengajaran quantum teaching pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara praktisna, ieu panalungtikan téh bisa mangpaat keur guru, siswa, panalungtik, jeung paélmuan.

1) Guru

Ieu panalungtikan bisa mantuan guru dina raraga ngokolakeun hiji pangajaran nulis ngaliwatan modél pangajaran.

2) Siswa

Ngaliwatan modél pangajaran siswa bisa kairut jeung ngaronjat motivasina pikeun diajar nulis.

3) Panalungtik

Panalungtik bisa ngamekarkeun kamampuh dina panalungtikan pangajaran nulis sangkan siswa miboga karep jeung gancang maham prosés nulis karangan ngaliwatan modél pangajaran.

4) Paélmuan

Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran nulis sangkan leuwih ngirut siswa.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan, anu ngawengku wangenan modél pangajaran, rumpun modél pangajaran, komponén-komponén modél pangajaran, wangenan modél pangajaran *quantum teaching*, asas modél pangajaran *quantum teaching*, prinsip modél pangajaran *quantum teaching*, unsur-unsur modél pangajaran *quantum teaching*, tujuan modél pangajaran *quantum teaching*, léngkah-léngkah modél pangajaran *quantum teaching*, prak-prakan nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél pangajaran *quantum teaching*, wangenan nulis, fungsi nulis, mangpaat nulis, tujuan nulis, rupa-rupa wacana tulisan, ciri-ciri

tulisan anu hadé, wangenan karangan éksposisi, sarat nulis karangan éksposisi, léngkah-léngkah nulis karangan éksposisi, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III mangrupa metodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis karangan éksposisi saacan jeung sabada ngagunakeun modél *quantum teaching*, uji sipat data anu ngawengku uji normalitas, uji homogenitas, uji gain, uji hipotésis, kacindekan analisis data, jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Panutup anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung saran pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.